№ 1-2301-2102/224

Апелляция инстанциясында
баянатшы судья М.Байниязов

Биринши инстанция судында
исти көрген судья И.Калниязов

# У Й Ғ А Р Ы Ў

2022-жыл 24-август Нөкис қаласы

Қарақалпақстан Республикасы судының жынаят ислери бойынша судлаў коллегиясы төмендеги қурамда:

басшылық етиўши: усы судтың М.Байниязов,

коллегия ағзалары: судьялар С.Давлетмуратов ҳәм Т.Турдымуратов,

судья аға жәрдемшиси Б.Бердибаев ҳәм А.Абдреймовтың хаткерлигинде,

Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының бөлим прокуроры Т.Бекмуратов,

жәбиркеш XXXXX,

судланыўшы XXXXX ҳәм оның қорғаўшы адвокаты С.Сыргабаевтың қатнасында,

жынаят ислер бойынша Нөкис қаласы судының 2022-жыл 7-март күнги ҳүкими үстинен судланыўшы XXXXXның қорғаўшы адвокаты С.Сыргабаев тәрепинен берилген шағым арзасына тийкар, жынаят исин усы судтың суд мәжилислери залында, ашық суд мәжилисинде апелляция тәртибинде көрип шығып, төмендегилерди

а н ы қ л а д ы :

Судтың ҳүкими менен:

1987-жыл 23-январь күни Нөкис қаласында туўылған, Өзбекстан пуқарасы, миллети өзбек, мағлыўматы жоқары, шаңарақлы 4-перзентли, жумыссыз, алдын судланбаған, Нөкис қаласы Ч.Абдиров көшеси 38-жайда жасаўшы, жеке кепиллик бас шарасы қолланылған XXXXXға

Өзбекстан Республикасы ЖК 168-статьясы 3-бөлиминиң «б» бәнти менен ЖКниң 57-статьясы қолланылып 2 жыл мүддетке азатлықты шеклеў жазасы тайынланған.

Судланыўшы XXXXXға азатлықты шеклеў жазасын өтеў орны етип, жасаў жери болған Нөкис қаласы Ч.Абдиров көшеси 38-жай белгиленген ҳәм оған төмендеги:

- күнниң кешки саат 23:00 ден азаңғы саат 06:00 ге шекем жасаў орнынан шықпаў;

- ҳәр айда кеминде бир мәртебе Нөкис қаласы ИИО Пробация топарынан есаптан өтип турыўы, Нөкис қаласы ИИО Пробация топарының рәсмий рухсаты ҳәм разылығысыз жасаў жерин өзгертпеў ҳәм Қарақалпақстан Республикасы территориясынан сыртқа шықпаўы шеклеўлери орнатылған.

Жаза мүддети судланыўшы XXXXX Нөкис қаласы ИИО Пробация топарына есапқа алынған күннен баслап есапланған.

Хужжат имзоланган: Байниязов Махмут Караманович, 27.08.2022

Ҳүкимди орынлаўға қаратыў Нөкис қаласы ИИО Пробация топарына жүклетилген.

Судланыўшы XXXXXның жеке кепиллик бас шарасы ҳүким нызамлы күшине киргеннен соң бийкар етилиўи белгиленген.

Ис бойынша жәбиркеш XXXXX суд мәжилисинде судланыўшы XXXXXдан материаллық ҳәм мораллық зыян талап етпеслигин мәлим еткенлиги себепли истиң бул тәрепи шешилген деп есапланған.

Ис бойынша айғақлы зат ретинде алынып жынаятлы иске қосылған XXXXXтан алынған 6 беттен ибарат болған детализация мағлыўматлары, жәбирлениўши XXXXXтан алынған 1 дана «DATA HOME» жазыўлы CD-R форматлы диск, гүман қылыныўшы XXXXXдан алынған 6 беттен ибарат болған детализация мағлыўматлары, гүман қылыныўшы XXXXXдан алынған 28 беттен ибарат болған скриншот арқалы алынған смс жазыўлары, гүман кылыныўшы XXXXXдан алынған 1 дана «Leadisk» жазыўлы DVD-R форматлы диск, жәбирлениўши XXXXXтан алынған 54 беттен ибарат болған детализация мағлыўматлары, гүман кылыныўшы XXXXXдан алынған 41 беттен ибарат болған скриншот арқалы алынған смс жазыўлары, жәбирлениўши XXXXXтан алынған 1 дана «Leadisk» жазыўлы DVD-R форматлы дисклер жынаят иси менен бирге сақланыўы белгиленген

Жәбиркешлер ҳәм басқада мәпдар шахсларға жынаят нәтийжесинде өзлерине жеткерилген басқада материаллық ҳәм мораллық зыянларды өндириў мәселесинде пуқаралық ислери бойынша судларында даўа арза келтириў арқалы излениў ҳуқықы бар екенлиги түсинтирилген.

Судтың ҳүкимине көре, XXXXX, алдаўшылық яғный, өзгениң мал-мүлкин яки мүлкине болған ҳуқықын қолға киритиў мақсетин гөзлеп, усы мақсетин әмелге асырыў ушын алдыннан танысы болған пуқара XXXXXға әслинде өзи Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасы хызметкери болмасада, оған өзин Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасы хызметкери болып таныстырып, оның исенимине кирип, пуқара XXXXX уялы қол телефон арқалы XXXXXға қоңыраў қылып, оған танысы пуқара XXXXXтың 2020-жыл 12-ноябрь күни спиртли ишимлик ишкен мәс ҳалында автотранспорт қуралын басқарып, ИИО хызметкерлери тәрепинен иркилип, тийисли тәртипте рәсмийлестирилгенин ҳәмде оның автомашинасы жәрийма майданшасына қойылғанын айтып, жәрдем бериўин сорағанында, XXXXX оған «егер 700 АҚШ доллар ҳәм 500.000 сум пул берсең жәрийма қолланбастан автотранспорт қуралын жәрийма майданшасынан шығарып, айдаўшылық гүўалығын ҳәм басқа ҳүжжетлерин алып бериў ҳәмде ҳеш қандай жәрийма салынбаўына ўәде бериўин» айтып, оның исенимине кирип, 2020-жыл 13-ноябрь күни күндизги ўақытта өзиниң жасаў үйиниң, яғный Нөкис қаласы Ч.Абдиров көшеси 38-жайдың алдында баласы жас өспирим XXXXX арқалы XXXXX тәрепинен берип жиберилген 1 АҚШ доллар Өзбекстан Республикасы сумына 10.390 сум болып, 700 АҚШ доллар 7.273.000 сум ҳәмде 500.000 сум, жәми 7.773.000 сум пулларын алдаўшылық жолы менен алып материаллық зыян жеткизген.

Хужжат имзоланган: Байниязов Махмут Караманович, 27.08.2022

Судланыўшы XXXXXның қорғаўшы адвокаты С.Сыргабаев шағым арзасында, қорғаўында болған судланыўшы XXXXXның айыпсызлығы ҳаққында ўәжлерди келтирип, суд ҳүкимин бийкар қылып, исти ЖПКниң 83-статьясы 2-бөлимине тийкар ис жүритиўден қысқартыўды сораған.

Судлаў коллегиясы судьяның баянатын, прокурордың суд ҳүкимин өзгериссиз қалдырыўды, қорғаўшы адвокаттың ҳәм судланыўшының шағым арзаны қанаатландырыўды сораған пикирлерин, судланыўшының көрсетпелерин тыңлап, шағым арзада көрсетилген ўәжлерди топланған ис материаллары менен салыстырып, тексерип шығып ҳәм оларға баҳа берип, төмендегилерге тийкар суд хүкимине өзгерис киритип, шағым арзаны қанаатландырмастан қалдырыўды лазым тапты.

Биринши инстанция суды тәрепинен ис бойынша дәлилleниўи лазым болған барлық жағдайлар муқыятлық пенен, ҳәр тәреплеме, толық ҳәм объектив тексерилип, истиң ҳақыйқый ҳалатлары анықланған ҳәм судланыўшы XXXXXның ҳәрекетин ЖК 168-статьясы 3-бөлиминиң «б» бәнти менен дурыс квалификация қылынған.

Судланыўшы XXXXX айыбын мойынламағаны менен оның айыбы төмендеги дәлиллер менен толық тастыйқланады яғный;

жәбиркеш XXXXXтың 2020-жыл 11-ноябрь күни «Кавказский домик» атлы кафеде өзиниң таныс жоралары менен бирге аўқатланып, арақ ишип отырғанын, кейин мәс ҳалда XXXXXдың үйиниң алдына қойып кеткен Кобальт маркалы мәмлекетлик белгиси 95/P271HA болған автомашинасын айдап кетип, жоралары отырған кафеге қайтып барғанын, кафениң алдына тоқтап, түскен ўақтында изинен ГАЙ хызметкерлери келип мәс ҳалында иркип автомашинасын жәрийма майданшасына қойғанын, түнги саат шама 03:00 лерде XXXXXдың үйине қайтқанын, 2020-жыл 12-ноябрь күни азаңғы ўақытта XXXXX менен сөйлесип, болған ўақыяны айтып бергенинде, ол прокуратурада ислейтуғын танысы бар екенин, сол менен сөйлесип көриўин, жәрдем бериўин айтқанын, сол күни жумыслары менен кетип, үйине айланып келгенинде, XXXXX сөйлесип көргенин, қанша бере алатуғынын сорағанын, оған 300-400 АҚШ доллар беретуғынын айтқанын, сол кезде XXXXX танысына көз алдында қоңыраў етип, бир ҳаял киси менен сөйлескенин, олардың сөйлескенлерин толық еситип отырғанын, XXXXX менен телефондағы ҳаял киси сөйлескенинде, XXXXX 300-400 АҚШ доллар беретуғынын айтқанын, телефондағы ҳаял киси егер 700 АҚШ доллар берсе араласатуғынын айтқанын, олардың сөйлесип турған жеринде XXXXXға разылығын билдиргенин, XXXXX телефонды жаўмастан, оған 700 АҚШ доллар беретуғынын айтқанын, кейин телефондағы ҳаял 700 АҚШ доллар пулды конвертке салып такси арқалы берип жибериўин айтқанын, кейинги сөйлескенлерде сол ҳаял киси суд болмайтуғынын, жәрийма салынбайтуғынын, автомашинаны жәрийма майданшасынан шығарып бериўин айтқанын, олардың сөйлескенинде XXXXXдың қасында еситип отырғанын, XXXXX сөйлескенлерин екинши телефонға диктофонға жаздырып отырғанын, ертеси күни XXXXXға 700 АҚШ доллар менен бир конверт бергенин, кейин, XXXXX ҳаял кисиге қоңыраў етип, пул қолында

Хужжат имзоланган: Байниязов Махмут Караманович, 27.08.2022

екенин, конверт ҳәм бар екенин айтқанын, ҳаял оған сол кезде қасына 500.000 сўм пул қосыўын, такси арқалы берип жибериўин, мәнзилди өзи айтатуғынын айтқанын, кейин, XXXXX телефонды жаўып, XXXXXқа «сен берип қайтасаң» деп айтқанын, конвертке салынған 700 АҚШ долларды ҳәм XXXXX жанынан 500.000 сум қосып пулларды кишкене каробқаға салып XXXXXқа берип жибергенин, кейин үйинен жумыслары менен шығып кеткенин, көп ўақыт өтпей, XXXXX қоңыраў етип, пулды алып барып бергенин, кимге ҳәм қай жерге алып барып бергенин видеоға түсиргенин айтқанын, арадан еки күн өтип, XXXXXдан не болғанын сорағанында, ол питкерип атырғанын айтып жүргенин, сол арада суд болып, 5.575.000 сўм жәриймa салынып, автомашина басқарыў ҳуқықынан 1 жыл 6 айға айырылғанын, кейин XXXXXға қоңыраў етип, пулларды қайтарып бериўин сорағанын, ол пулларыды қайтарып алып бериўин айтып, өзи жоқ болып кеткенин, автомашинасын жәриймa майданшасынан суд болған күни шығарып алғанын, пулларды XXXXXға бергени ушын оның өзинен талап еткенин, себеби ол сөйлесип атырған ҳаял кисиниң номерин сорағанында ол телефон номерин бермегенин, кейин XXXXXдың үстинен арза жазып жибергенин, бул пулларды пара есабынан берип атырғанын билетуғынын, арза жазғанынан соң XXXXX видео вызовтан қоңыраў етип, Дубайға кетип қалғанын, пулларды қайтарып бериўин айтқанын, кейин арадан ўақыт өтип, XXXXXтан 400 АҚШ доллар берип жиберип атырғанын айтқанын, ертеси күни яғный 2020-жыл январь айында XXXXX қоңыраў етип, XXXXX пул берип жибергенин айтқанын, екеўи көрисип XXXXX 3.500.000 сўм пул бергенин, бул ўақыя болыўдан алдын XXXXX өзинен автомашинасын оңлатыў ушын қарызға 4.500.000 сўм пул алғанын, XXXXXтан 3.500.000 сўм пулды алған ўақтында оған 4.500.000 сўм қарызынан 3.500.000 сўм пулды қайтарып алғаны бойынша тил хат жазып бергенин, пулларды XXXXXтың береси қарызы ушын алғанын, кейин олардан улыўма пул алмағанын, судланыўшы XXXXXдан 700 АҚШ долларын ҳәм XXXXXдың берген 500.000 сум пулларын талап ететуғынын, айтып берген көрсетпеси менен;

гүўа XXXXXтың, 2020-жыл ноябрь айының басында қарындасы Тажиева XXXXX өзиниң XXXXX атлы бир танысын үйине алып келип, оның ўақтынша жасап турыўын айтқанын, кейин XXXXX менен танысқанында оның Елликқала районында туратуғынлығын, Нөкисте қурылыс жумыслары менен шуғылланатуғынлығын, ол үйинде жасап жүргенинде оннан өзиниң Нексия автомашинасының бузылған жерлерин оңлатып алыўы ушын 4.500.000 сўм пул қарыз алғанын, кейин 2020-жыл ноябрь айының шама менен 12-сәнелеринде түнги ўақытта үйинде дем алып атырғанында XXXXX қоңыраў етип, спиртли ишимлик ишкен мәс ҳалында өзиниң Кобальт автомашинасында ГАЙ хызметкерлери иркенин айтқанын, соң XXXXXды үйине алып келгенин, азанда XXXXX болған ўақыяны XXXXXға айтып бергенин, қарындасы XXXXX оған жәрдем бериў мақсетинде өзиниң прокуратурада ислейтуғын бир танысына қоңыраў етип, оның айдаўшылық гүўалығын алып, автомашинасын жәриймa майданшасынан шығарып бериўде жәрдем сорағанын, XXXXXдың танысы XXXXXның

Хужжат имзоланган: Байниязов Махмут Караманович, 27.08.2022

жумысын питкерип бериўин айтып, 700 АҚШ доллар пул сорағанын, XXXXX оған разы болғанын, бул ҳалатты өзи ертеси күни яғный 2021-жыл 14-ноябрь күни азаңғы ўақытта билгенин, себеби XXXXX прокуратурада ислейтуғын XXXXX атлы танысы менен XXXXXның мәселесин шешиў ушын келисип қойғанын айтып, XXXXXнан алған 700 АҚШ доллар пулларын конверттиң ишине салып, оның қасына 500.000 сўм пул қосып, кишкене каробқаға салып XXXXX атлы танысына алып барып бериўи ушын бергенин, конверт ишинде 700 АҚШ доллары ҳәм қасында 500.000 сўм пулларды өз көзи менен көргенин, XXXXX арқалы сөйлесип оның айтқан жерине барып турғанын, кейин Нөкис қаласы Ч.Абдиров көшесиндеги лимузинлар турған бир үйдиң алдына барып, сол үйден шыққан жасы шама менен 12 лерде болған кишкене балаға каробқаға салынған конвертти ҳәм 500.000 сўм пулларды берип кеткенин, пулларды бергенин XXXXX ҳәм XXXXXға қоңыраў етип айтқанын, арадан еки-үш күн өтип, XXXXX Нөкис районы ҳәкимшилик судына барып қайтыўын айтқанын, сол күни XXXXXды судқа алып барғанын, суд нәтийжесинде XXXXXға жәрийма қолланылғанын ҳәм автомашина басқарыў ҳуқықынан айырылғанын, бирақ сол күни XXXXX өзиниң автомашинасын жәрийма майданшасынан шығарып алғанын, XXXXXның мәселеси питпегени ушын ол пулларды қайтарып бериўди талап етип баслағанын, сол ўақытлары XXXXX Ташкент қаласына кетип қалғанын, XXXXXның арза жазажақ екенлигин XXXXXға айтқанында ол өзиниң танысы менен сөйлесип, пулларын қайтарып алып бериўин сорағанын ҳәм оның +998905951505 телефон номерин бергенин, XXXXX оның аты XXXXX екенлигин айтқанын, өзиниң сол ўақытта ислетип жүрген +998936149409 номерли қол телефонынан XXXXX атлы кисиге қоңыраў етип, өзин XXXXXдың ажағасы XXXXXпан деп таныстырып, XXXXXдан алған пулларды қайтарып бериўин сорағанын, XXXXX атлы кисиниң негизги аты ҳәзир билсе XXXXX екенин билгенин, оның менен сөйлескенинде ол XXXXXдың мәселесин жумыслап бериўин, XXXXX атлы судья менен сөйлесип қойғанын, пулларды ҳәм соған бергенин айтқанын, оннан XXXXXдың номерин алып, ол менен телефон арқалы сөйлессе XXXXXны танымайтуғынын айтқанын, XXXXXға XXXXXның арза жазажақ екенлигин, пулларын қайтарып бериўди сорап атырғанын айтқанында, ол XXXXXның өзине тәдбир өткерип, пара бергенлиги бойынша услатып жибериўин айтқанын, кейин XXXXX менен сөйлесип оған тәдбир өткерилежак екенлигин, сол ушын сол ҳаял кисиниң үстинен арза жазып жибериўин, сол арқалы пулларын қайтарып алыўын айтқанында XXXXX түсинбей, разы болмағанын, нәтийжеде ҳеш қандай тәдбир өткерилмегенин, XXXXX өзи менен көрисиўден қашабергенин, оннан қайта-қайта XXXXXның пулларын қайтарып бериўин сорайбергенинде ол пул алғанлығын мойынламастан, телефонын көтермей, улыўма сөйлеспей қалғанын, кейин XXXXX менен сөйлесип, ол менен оның жумыс орнында ушырасып, XXXXXдан пулларды қайтарып алыўда жәрдем бериўин сорағанын, XXXXX XXXXXны танымайтуғынлығын, тек ғана алдын бир еки мәртебе оған юридикалық консультация бергенлигин, сол арқалы таныйтуғынлығын айтқанын, XXXXXның

Хужжат имзоланган: Байниязов Махмут Караманович, 27.08.2022

мәселеси бойынша XXXXXдың айтыўы бойынша XXXXX тек ғана юридикалық консультация сораганын, сол ўақытта XXXXXдың судта ислемейтуғынлығын, адвокат екенлигин билгенин, кейин XXXXXға болып атырған ҳалатты түсиндирип, XXXXX пулды XXXXXға бергени ушын, XXXXXны улыўма көрмегени ушын оның үстинен арза жазып жибергенин айтып бергенинде, ол кейин XXXXXдан пулларды алабериўин айтып, өзине Туркиядан 700 АҚШ доллар пул берип жибергенин, бул пулларды сўмға айлантырып, үйиниң ҳәрежетлерине пул зәрүр болып турғанын XXXXXға айтып, XXXXXға тек ғана 3.500.000 сўм пул берип, XXXXXдың берип жибергенин айтқанын, XXXXX өзиниң қарызым бар екенин айтып, алдын алған 4.500.000 сўм пулынан қайтарып таслағанын, сол менен XXXXXға 1.000.000 сўм пул қарыз болып қалғанын, XXXXXға болған ҳалатты айтқанын, ол қарсылық билдирмегенин, XXXXX оның пулларын қайтарып бериўди айнан XXXXX екеўинен талап етебергени ушын, қайта-қайта XXXXXға қоңыраў етип, пулларын қайтарып бериўин, я болмаса оның мәселесин шешип бериўин сорайбергенин, бирақ XXXXX усы күнге шекем улыўма пулларын қайтармағанын ҳәмде ўақыт өтиўи менен пулды алғанын ҳәм мойынламай қалғанын, XXXXXға исенбегени ушын ол менен телефон арқалы ҳәр сөйлескенинде диктофонға жаздырып барғанын, сол ушын XXXXX атлы адвокат пенен, XXXXX менен сөйлескенлерин диктофонға жаздырып алған аудио жазыўларды XXXXXдың өзине Нөкиске қайтып келгенинен кейин бергенин, ол болса Тергеў бөлимине қосымша дәлил есабында усынғанын айтып берген көрсетпеси менен;

гүўа XXXXXтың, 2020-жыл ноябрь айында алдын юридикалық жәрдем сораған XXXXX қоңыраў етип, оның бир танысы спиртли ишимлик ишкен мәс ҳалында ИИМ тәрепинен иркилгенин айтып, бул ҳалат бойынша адвокат болып қатнасып, ҳуқықый жәрдем бериўин сорағанын, оннан танысы қандай жағдайда түсип қалғанын сорап, оның танысының өзи мениң жумыс орныма келиўин айтқанын, XXXXX танысының өзин жибериўин айтып бирақ алдына оның айтқан адамы келмегенин, XXXXX судқа қатнасып бериўин, ҳуқықый жәрдем сорағанында разы болып, оның танысының шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетлерин сорағанын, себеби болған ҳалатты алдыннан үйренип шығып, алдын ала айдынлық киритип алажақ болғанын, кейин XXXXX XXXXX атлы кисиниң айдаўшылық гүўалығы менен басқа автомашина ҳүжжетлерин телеграм арқалы жибергенин, ол хызмет ҳаққы қанша болыўын сорағанында оның танысының өзи алдына келиўин, сол ўақытта ҳәммесин түсиндирип бериўин айтып, алдын ала қанша болатуғынын айтпағанын, кейин XXXXX хызмет ҳақысына 2.000.000 сўм болама деп сорағанында, оған болатуғынын айтқанын, кейин XXXXX оның мәс ҳалда автомашина басқарған танысы, яғный XXXXX атлы киси оған жақын адам екенлигин айтып, пулды өзи төлейтуғынын айтқанын, кейин сол күни кешки ўақытта XXXXX 2.000.000 сўм пулды такси арқалы берип жиберип атырғанын айтқанын, өзиниң қолы бос болмағаны ушын бул пулларды үйине таслап кетиўин айтқанын, кешки саат 18:00 лер шамасында бир такси қоңыраў

Хужжат имзоланган: Байниязов Махмут Карраманович, 27.08.2022

етип, аманат бар екенин айтып оған үйиниң мәнзилин түсиндирип жибергенин, үйиниң иши пулларды алып қалғанын, кеште келип толығы менен 2.000.000 сўм пулды үйден алғанын, кейин XXXXXға қоңыраў етип, оның айтқан XXXXX атлы танысы қай жерде екенлигин сорап, өзине жибериўин айтқанын, себеби XXXXXның өзи менен көрисип, ол менен шәртнама дүзбесе, жумыс алып бара алмайтуғынын түсиндиргенин, XXXXX кеш болып кеткенин, ертеси күни баратуғынын айтқанын, XXXXXға ертеси күни қайталдан қоңыраў етип, XXXXXды жибериўин, болмаса пулды қайтарып берип жибериўин айтқанын, бирақ XXXXX улыўма келмегенин, еки күн өтип өзин XXXXX деп таныстырған бала XXXXXның айдаўшысы екенлигин айтып, бул ҳалат бойынша XXXXX жазып атырғанын пулларын қайтарып бериўин сорағанын, оған оны улыўма танымайтуғынын, ол менен сөйлеспейтуғынын айтып, телефонды жаўып, XXXXXға қоңыраў етип оннан XXXXX деген баланы сорап, ол өзин XXXXXның айдаўшысыман деп таныстырғанын айтқанын, XXXXXға бул мәселеге араласпайтуғынын пулларды алып кетиўин, я болмаса өзи берип кетиўин айтқанын, сол ўақытта XXXXX XXXXX деген бала ҳақыйқаттан оның айдаўшысы екенлигин айтып, пулды соған қайтарып бериўин айтқанын, өзиниң айдаўшы қылып жаллап қойған XXXXXтан 2.000.000 сўм пулды берип жибергенин, XXXXX XXXXXтың турған жерине пулларды алып барып, өзи менен XXXXXты сөйлестирип жибергенин, XXXXX пулларды алғанлығын айтқанынан кейин, телефонды жаўып, олардың мәселесине улыўма араласпағанын, арадан бираз ўақыт өтип, XXXXX атлы бала қайталдан қоңыраў етип, ҳәр қыйлы гәплерди айтабергенин, кейин оны жумыс орнына шақырып сөйлескенин, сол ўақытта ол XXXXX оның қарындасы үстинен жазып атырғанын айтып, жәрдем сорағанын, сол ўақыта оған «қарындасыңды танымайман, 2.000.000 сўм пулларыңды алдыңба, алған болсаң, маған қоңыраў етип, мазамды алаберме, мен XXXXXның өзи келмегени ушын ҳеш затқа араласа алмайман» деп түсиндирип айтқанын, сол ўақытта XXXXX 2.000.000 сўм пулларды алғанын сиңлиси билмей-ақ қойсын деп сорағанын, оған ҳеш затына араласпаўын айтқанын, сол менен XXXXX кеткенин, арадан ўақыт өтип, телеграмнан XXXXX атлы бир ҳаял киси жазып, XXXXXның мәселеси бойынша ортада қалып кеткенин, XXXXX менен орталарында келиспеўшилик болып қалғанын айтқанын, оған XXXXXны танымайтуғынын оны көрмегенлигин, ол тек ғана юридикалық жәрдем сорап шыққанлығын айтқанын, өзиниң алған 2.000.000 сўм пулларды XXXXX исимли пуқараға өзиниң жаллап қойған шоферы Коныстан берип жибергенин, айтып берген көрсетпеси менен;

гүўа XXXXXтиң, 2021-жыл 13-ноябрь күни Қарақалпақстан Республикасы Жол ҳәрекети қәўипсизлиги Жол патруль инспекторы хызметкери тәрепинен ЎзР 20-серияли 95-067872-санлы ҳәкимшилик баяннамасы тийисли тәртипте нызамлы шара көриў ушын келип түскенин, сол ис материалын үйренип шыққанында XXXXX өзиниң басқарыўындағы Кобальт маркалы 95/P271HA болған автомашинасын 2021-жыл 12-ноябрь күни түнги саат 00:30лар шамасында спиртли ишимлик ишкен мәс

Хужжат имзоланган: Байниязов Махмут Караманович, 27.08.2022

ҳалында басқарып, ЖПХ хызметкери тәрепинен иркилгенлигин, сол ўақытта оның автомашинасы жәрийма майданшасына қойылғанлығын, айдаўшылық гүўалығы менен ескертиў талоны тийисли тәртипте алынып, ис материалына қосылғанлығын анықлағанын, кейин бул ҳалат бойынша сорастырыў жумысларын алып барып, 2021-жыл 13-ноябрь күни түске жақын ўақытта XXXXXты шақырып, оннан түсиник хат алғанын ҳәм ӨзР ҲЖҳКниң 294-статьясы тийкарында оның ҳуқық ҳәм миннетлемелери ҳәмде ис материалы менен баяннама дүзген ҳалда таныстырғанын, ол өз түсиник хатында өз айыбын мойынлағанын ҳәмде автомашасын жәрийма майданшасынан шығарып бериўин сорағанын, сол ўақытта оған ӨзР ҲЖҳКниң 291-статьясына тийкар оның автомашинасы суд шешим қабыл қыламан дегенинше жәрийма майданшасына иркилип турыўын түсиндиргенин, кейин XXXXX ҳеш қандай қарсылық билдирместен кеткенин, сол күни XXXXX кеткенинен кейин арадан бир еки саат өтип, XXXXX атлы бала XXXXX менен бирге келип, XXXXXды өзиниң жездеси деп таныстырып, оның автомашинасын жәрийма майданшасынан шығарып бериўин сорағанын, оған оның имкәнияты жоқ екенлигин, судтың шешими менен шығарылатуғынлығын түсиндирип айтқанын, кейин олар кетип қалғанын, сол күни түстен кейин, хызмет ханасына бийтаныс бир ҳаял киси келип, өзин XXXXXтың ажапасыман, XXXXXның келиншегимен деп таныстырып, XXXXXның автомашинасын жәрийма майданшасынан шығарып бериўин сорағанын, оған да қандай тәртипте шығарылатуғынлығын түсиндирип бергенин, кейин ол ҳеш қандай наразылық билдирмей кеткенин, сол күннен суд болған күнге шекемги аралықта, яғный 2020-жыл 13-ноябрь күнинен 16-ноябрь күнине шекемги аралықта бир ҳаял киси қоңыраў етип, өзин Рес прокуратурада ислейтуғынлығын айтып, XXXXXның ис материалы бойынша қандай шешим қабыл қылып атырғанын сорағанын, оған тийисли тәртипте судқа жиберип атырғанын айтқанында ол қолындағы ис материал Нөкис қалалық прокуратура тәрепинен қысқартылатуғынлығын айтқанын, өзи оған ҳеш нәрсе айтпастан телефонды жаўғанын, бирақ соннан кейин 2020-жыл 16-ноябрь күни ис материал ҳүжжетлерин толық рәсмийлестирип болып, ҳәкимшилик шара көриў ушын XXXXX пенен бирге Нөкис районы ҳәкимшилик судына ис материалын алып барғанын, сол күнниң өзинде Нөкис районы ҳәкимшилик суды тәрепинен XXXXXтың қарсысына топланған ис материалы көрилип, оған 1 жыл  6 ай мүддетке айдаўшылық ҳуқықынан айырып, 5.575.000 сўм муғдарда жәрийма жазасы қолланылғанын, сол күни судтың қарарына тийкар XXXXXқа өзиниң Кобальт автомашинасын жәрийма майданшасынан алып шығыўға рухсатнама бергени ҳаққындағы көрсетпеси менен;

Биринши инстанция суды суд мәжилисине шақырып сораў қылыў имкәнияты болмаған жәбиркеш XXXXXның ҳәзирги күнде Дубай қаласында болғанлығы себепли истиң 2-том 26-31-бетлериндеги дәслепки тергеўде берген көрсетпеси менен;

Ҳужжат имзоланган: Байниязов Махмут Караманович, 27.08.2022

Сондай-ақ, ис бойынша топланған дәслепки тергеў уйымы тәрепинен айғақлы затты алыў ҳәмде көзден өткериў баяннамасы, 93-6149409 телефон номериниң детализация мағлыўматлары менен; (истиң I-том «83-90» бетлери), шахсты фото суўреттен танып алыў ушын көрсетиў баяннамасы, фотокестеси менен; (истиң I-том «91-93» бетлери), XXXXXдан 6-дана аудио жазыўы болған CD-R форматлы дискти айғақлы зат ретинде қабыллап алып, стенограмма көринисиндеги аудио жазыўларды көзден өткериў ҳәмде еситип көриў баяннамасы менен; (истиң I-том «94-99» бетлери), айғақлы затты алыў ҳәмде көзден өткериў баяннамасы, +998934874648 телефон номериниң детализация мағлыўматлары менен; (истиң I-том «143-149» бетлери), айғақлы затты алыў ҳәмде көзден өткериў баяннамасы, қосымша қылынған 28-дана скриншот арқалы түсирилген «Телеграм» социал тармағындағы смс жазыўлары менен; (истиң I-том «154-182» бетлери), XXXXXның жасаў жайы болған Нөкис қаласы 22-киши районы 24-жай 13-ханада тинтиў өткериў баяннамасы, фотокестеси менен; (истиң I-том «123-128» бетлери), айғақлы затты көзден өткериў баяннамасы, қосымша ҳүжжетлери, фотокестеси менен; (истиң I-том «129-132» бетлери), XXXXX менен XXXXXны жүзлестириў баяннамасы менен; (истиң I-том «189-193» бетлери), XXXXXдан 12-дана аудио жазыўы болған DVD-R форматлы дискти айғақлы зат ретинде қабыллап алып, стенограмма көринисиндеги аудио жазыўларды көзден өткериў ҳәмде еситип көриў баяннамасы менен; (истиң I-том «194-213» бетлери) ҳәм басқа ис бойынша топланған ҳүжжетлер менен толық тастыйықланған.

Жоқарыдағыларға көре, судлаў коллегиясы қорғаўшы адвокат С.Сыргабаевтың шағым арзасында ўәжлери менен келиспеди.

Биринши инстанция суды тәрепинен судланыўшы XXXXXның ис-ҳәрекетлерине ҳәр тәреплеме баҳа берилип, жынаят иси бойынша топланған дәлиллерге асасланған ҳалда, ислеген жынайый ҳәрекетлери туўры анықланып, ис-ҳәрекетлери дурыс сыпатланған, оның шахсы итибарға алынып, сәдир болған жынаяттың аўырлық дәрежеси, айыптың ҳәм шахстың жәмийетлик қәўиплилик дәрежеси, оның ҳәрекетлериниң жеңиллестириўши ҳәм аўырластырыўшы тәреплери итибарға алынған ҳалда ЖКниң 57-статьясын қолланып жаза түри ҳәм муғдары дурыс белгиленген.

Сонлықтан судлаў коллегиясы, суд ҳүкимине өзгертиў ямаса бийкар етиўге тийкарлар жоқ деп есаплайды.

Сондай-ақ, апелляция инстанциясы суд мәжилисинде судланыўшы XXXXXның қорғаўшы адвокаты С.Сыргабаев тәрепинен илтимаснама келтирилип, жынаят иси бойынша қорғаўында болған XXXXXны ақлаўды ҳәмде жынаят иси бойынша гүўа ретинде соралған XXXXX ҳәм XXXXXтиң ҳәрекетлеринде жынаят аламатлары бар екенлигин көрсетип жынаят исин ЖПКниң 417-статьясына тийкар қосымша процессуал ҳәрекетлер өткериў ушын айыплаў жуўмақты тастыйқлаған прокурорға жибериўди сорады.

Судлаў коллегиясы, қорғаўшы адвокаты С.Сыргабаев тәрепинен келтирилген илтимаснама қанаатландырылып, жынаят иси жүзисинен

Хужжат имзоланган: Байниязов Махмут Караманович, 27.08.2022

XXXXX ҳәм XXXXXтиң ҳәрекетлерине ҳуқуқый баҳа берип, олардың ҳәрекетлеринде жынаят алматлары бар яки жоқлығына анықлық киритиў ушын қосымша процессуал ҳәрекетлерди бир ай мүддетте өткериў ушын айыплаў жуўмақты тастыйықлаған Нөкис қаласы прокурорына жиберилди.

Апелляция инстанциясының уйғарыўының орынланыўы жүзесинен дәслепки тергеў уйымы тәрепинен тергеў ҳәрекетлери өткерилип, 2022-жыл 15-июнь күнги ҳәм 2022-жыл 19-август күнги Нөкис қалалық ИИО ЖМБ жанындағы тергеў бөлимшеси аға тергеўшиси Б.Аширбековтиң қарары ҳәмде Нөкис қаласы прокуратурасының тергеўшиси Б.Рахмановтиң қарарларына көре, жынаят иси бойынша гүўа қатарында соралған XXXXX ҳәм XXXXXтиң ҳәрекетлеринде жынаят қурамы жоқлығы себепли Өзбекстан Республикасы ЖПК 83-статьясының 2-бәнтине тийкар өндиристен қысқартылған.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң $497^{13}$, $497^{17}$, $497^{26}$, $497^{31}$, $497^{36}$-статьяларын басшылыққа алып, судлаў коллегиясы,

у й ғ а р д ы :

Жынаят ислери бойынша Нөкис қалалық судының XXXXXның қарсысына шығарылған 2022-жыл 7-мартдағы ҳүкими өзгериссиз қалдырылсын.

Шағым арза қанаатландырылмасын.

Басшылық етиўши М.Байниязов

Коллегия ағзалары С.Даулетмуратов

Т.Турдымуратов

*Уйғарыў нусқасы негизинен дурыс М.Байниязов*

Хужжат имзоланган: Байниязов Махмут Караманович, 27.08.2022